

Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON POU OGMANTE LAJ POU VANN TABAK AK SIGARÈT ELEKTRONIK SOTI NAN 18 LANE POU VIN 21 LANE**

*Li ajoute sou efò global Gouvènè a pou lite kont menas pwodui tabak ak sigarèt elektwonik yo pote kont lasante*

***Gouvènè Cuomo: "Lè nou ogmante laj pou fimen an soti nan 18 an pou vin 21 nan, nou kapab anpeche sigarèt ak sigarèt elektwonik tonbe nan men jèn moun depi nan kòmansman epi anpeche tout yon jenerasyon Nouyòkè vin pran nan akoutimans ki koute chè epi ki gen posibilite touye yo".***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.2833/A.558) pou ogmante laj minimòm pou vann pwodwi tabak ak sigarèt elektwonik soti nan 18 lane pou pase nan 21 lane. Lwa sa a ajoute sou efò global Gouvènè a pou lite kont menas pwodui tabak ak sigarèt elektwonik yo pote kont lasante. Pwojè lwa a ap antre an vigè 120 jou apre li vin lwa.

"New York ap pran mezi enèjik pou elimine fimen pami adolesan ak timoun, men konsomasyon tabak ak sigarèt elektwonik la kontinye pèsiste poutèt kanpay maketin iresponsab yo konpayi ap fè ki sible jèn moun yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou ogmante laj pou fimen an soti nan 18 an pou vin 21 nan, nou kapab anpeche sigarèt ak sigarèt elektwonik tonbe nan men jèn moun depi nan kòmansman epi anpeche tout yon jenerasyon Nouyòkè vin pran nan akoutimans ki koute chè epi ki gen posibilite touye yo."

**Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare,** "Konsomasyon tabak pa bon pou Nouyòkè yo epi li mennen kansè, gwo pwoblèm sante, ak lanmò. Ogmantasyon laj pou achte a rive a 21 nan pral ede garanti gen mwens timoun ki kòmanse avèk abitud mètèl sa a. Mwen bat bravo pou Senatè Diane Savino dèske li prezante lejislasyon sa a epi travay pou ede sove Nouyòkè yo anba lavi akoutimans ak pwoblèm sante".

**Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare,** "Majorite Asanble a pran angajman pwoteje sante ak byennèt lajenès la nan Eta New York. Men gen twòp timoun k ap konsome sigarèt ak sigarèt elektwonik ki bay akoutimans epi ki danjre. Gras a travay di Manm Asanble Linda Rosenthal ki te prezante pwojè lwa a, lwa sa a pral ogmante laj legal la pou pwodui tabak, epi konsa kenbe yo andeyò lekòl nou yo epi ede amelyore lasante jèn nou yo, kounye a ak nan lavni".

**Senatè Diane Savino te deklare,** "Mèsi Gouvènè Cuomo poutèt ou siyen pwojè lwa enpòtan sa a jodi a. Kòm ansyen fimè, mwen konnen jan pwodui sa yo kapab bay akoutimans - men kòm lejislatè, mwen konnen se yon bon politik piblik pou pran tout

mezi pou kontinye pwoteje lajenès nou an kont pwodui sa yo ki gen posibilite pou yo danjre".

**Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare,** "Gran fabrikan tabak yo ak zanmi yo nan endistri sigarèt elektwonik la bati biznis yo nan fè jèn yo vin depann de nikotin. Lè nou ogmante laj pou fimèn sigarèt ak sigarèt elektwonik a 21 nan toupatou nan eta a sa pral ede anpeche yon nouvo jenerasyon jèn moun vin depann de nikotin. Li pral garanti tou jèn moun yo pa kapab annik deplase ale nan lòt konte pou achte sigarèt oswa sigarèt elektwonik ki danjre epi ki mennen akoutimans fasilman. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou kolaborasyon li pa janm sispann pote sou kesyon sa a".

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York soti nan 18yèm eta ki te pi an sante nan nasyon an nan ane 2012 pou rive nan 10yèm eta ki pi an sante nan nasyon an nan ane 2017. An 2017, Gouvènè Cuomo te elaji Lwa Lè Pwòp Anndan an (Clean Indoor Air Act) pou entèdi itilizasyon sigarèt elektwonik nan prèske tout espas travay pou pwoteje anplwaye ak piblik lan kont lafimèn tabak lòt moun ak ayewosòl sigarèt elektwonik yo ki danjre.

Malgre pwogrès sa a, itilizasyon tabak kontinye rete premye koz lanmò evitab nan Eta New York. Apeprè 28,000 granmoun New York mouri chak ane kòm konsekans fimèn. Anplis, yon kantite k ap ogmante kay jenn minè ap itilize alafwa sigarèt tradisyonèl ak sigarèt elektwonik. Soti nan 2014 pou ale nan 2018, itilizasyon sigarèt elektwonik kay jenn moun te ogmante pa 160 pousan soti nan 10.5 pousan pou ale nan 27.4 pousan epi plis pase mwatye adolesan gen fos kwayans itilizasyon sigarèt elektwonik pa gen danje.

Poutèt tabak kontinye ap pèsiste pami jèn yo ak granmoun yo, Eta New York kontinye ap anpeche jèn granmoun yo kòmanse fimèn. Dapre Direktè Sèvis Sante Piblik la, 88% granmoun ki fimèn yo te kòmanse konsome tabak anvan laj 18 an epi 90% moun k ap achte sigarèt pou minè yo gen laj ant 18 ak 20 tan. Lè li ogmante laj legal pou achte a rive a 21 nan, lejislasyon sa a pral ede anpeche timoun ki poko gen laj yo jwenn pwodui tabak nan men zanmi yo, redui pwobabilite pou jèn granmoun yo janm kòmanse fimèn epi vin gen akoutimans, epi konsa fini pa sove plizyè milye lavi.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)